

# **YON CHÈKLIS (YON LIS KONTWÒL) POU METE FEN NAN TIRANI**

The Checklist for Ending Tyranny

**Peter Ackerman and Hardy Merriman**

From the book: 'Is Authoritarianism Staging a Comeback?'

Editors: Matthew Burrows and Maria J. Stephan

Tradiksyon: Ms. Marie Carmel Berrouet, Janvye 2021

Evalyatè: Mr. Jean Sonel Basquin

## **YON TCHÈKLIS (YON LIS KONTWÒL)**

### **POU METE FEN NAN TIRANI**

Peter Ackerman ak Hardy Merriman

Jounen jodi a, konfli ki pi fewòs yo nan mond lan pa eklate ant nasyon kap goume kont youn lòt, men pito nan zantray yon peyi kote yon diktatè san fwa ni lwa kenbe yon popilasyon nan gòj pou toupizi li. Pifò moun kwè ke popilasyon yap oprese sa yo gen de (2) chwa: aksepte rejim opresè a nan lespwa ke bagay yo ka fini pa amelyore, oubyen deklanche yon kokenn soulèvman vyolan pou libere tèt yo. Opinion senp sa a pa kenbe, paske kanpay rezistans sivil (ke pafwa yo rele “mouvman pouvwa popilè” oubyen konfli san vyolans) deklanche pi souvan ke moun panse. Sòti nan ane 1900, chak ane te gen pou pi piti yon gwo kanpay rezistans sivil ki te kanpe ankwa devan yon dirijan ki sou pouvwa li.<sup>1</sup> Depi ane 1972,<sup>2</sup> mouvman popilè sa yo, tan yap pran chè, yap jwe yon wòl enpòtan nan reyisit tranzisyon demokratik ak pifò konfli ki gen repondong gewopolitikman. Malgre sa, moun ki gen pouvwa desizyon, gwo save, jounalis, ak lòt obsèvatè ki enterese, toujou pèsiste ap minimize kapasite senp sitwayen genyen pou yo defye rejim otorité, epi enpoze dwa yo, san vyolans.

### **YON ASPÈ KACHE NAN ANALIZ LA**

Soulèvman popilè nan peyi Tinizi ak Ejipl nan lane 2011, pi pre nan peyi Ikrèn nan lane 2014, kapab sèvi kòm ekzanp nan fason revolisyon popilè ka pran moun pa sipriz – pagen moun ki te wè mouvman sa yo lè yap vini, men sa pat fè li inik pou sa. Pèsonn – petèt yon ti ponyen moun – pat wè “Color Revolutions” yo tap rive nan peyi Sèbi (2000), Jòji 2020), Ikrèn (2004). Sou plizyè dizèn ane anvan, pa gen yon moun kite prevwa ke revolisyon san vyolans òganize ta pral jwe yon wòl desizif nan dechoukay diktatè Ferdinand Marcos nan peyi Filipin (1986); diktatè Augusto Pinochet nan peyi Chili (1988); rejim sovyetik nan peyi Lapolòy (1989); oubyen rejim apartheid nan peyi Sid Afrik (1992).

Nan gwo jefò ekspè rejyonal ak entènasyonal ap fè pou yo jwenn yon esplikasyon sou konfli san vyolans sa yo ak lòt ankò, souvan yo konkli ke ka rezistans sivil ki reyisi yo se de anomali istorik ki chita sou kèk sikostans san presedan, nan yon peyi ak nan yon moman byen detèmine. Paske yo wè dinamik sa yo kòm de ka espesifik; yo pa konsidere yo kòm prèv estrateji jeneral ke popilasyon yo ka itilize pou kraze pouvwa yon pakèt opresè tout plim tout plimay. Sepandan, atravè lemond antye, diktatè yo pa konsyan de detay sa yo. Yo fini pa rekonèt ke pouvwa popilè yo se pi gwo menas pou fason yap dirije a.

Avèk koze konfli san vyolans kap vale teren depi dis (10) ane, li obligatwa pou moun ki sipòte chanjman demokratik yo repanse fason yo konprann rezon ki fè mouvman popilè yo reyisi. Nan anpil sikostans, konfli san vyolans mache paske li eksplwate de (2) royalite fondamantal: 1) rejim otorité depann anpil de konfyans san limit pifò moun nan mitan popilasyon yap oprese yo, yon

fason pou yo mentni bon jan kontwòl sou yo; 2) konnen ke se pa tout moun nan rejim sa yo ki sensè oubyen fidèl.

## KOUMAN REZISTANS SIVIL OPERE

Si nou konsidere 2 reyalite nou sòt site yo, nou ka di ke moun kap pratike rezistans sivil yo mobilize popilasyon yo nan lide pou yo ankouraje dezobeyisans sivil epi aplike presyon san vyolans – atravè grèv, bòykòt, manifestasyon, ak lòt aksyon – pou destabilize yon sistèm kraze zo epi retabli dwa, libète ak jistis. Lè mouvman rezistans sivil yo gen anpil branch, koumanse pran vitès, represyon pa sifi pou retabli lapè, okontrè, represyon an gen plis chans vire kont rejim nan.

Lè soulèvman ap pèsiste, koumanse gen reyakson bò kote gouvènman an ak enstitisyon leta ki enpòtan tankou lapolis, militè, laprès, sektè politik, biwokratik ak ekonomik. Souvan reyakson sa yo mennen defeksyon, lè defeksyon pran akSELERE, rejim otoritè a vin pèdi kontwòl tout fòs li te ka konte sou yo pou fè lòd li egzekite (kontwòl resous materyèl, resous imèn, entelijans ak taktik pèp la, distribisyon enfòmasyon, kapasite pou aplike sanksyon), anfen tout bagay derape nan men diktatè a ki an menm tan pèdi sipò tout fòs kòmand fyab ki pou fè egzekite lòd li yo. Finalman, anba kalte gwo presyon manch long san vyolans sa yo, diktatè a pa gen lòt opsyon ke kite pouvwa a. Nan ka sa yo, souvan rezulta a se chanjman total.

## KONPETANS AK KONDISYON

Li enpòtan pou nou egzamine faktè ki detèmine rezulta yo. Eske kondisyon ki poze anvan deklanchman konfli yo jwe yon wòl enpòtan nan deside ki kan kap pote laviktwa, si se mouvman an oubyen yon rejim otoritè? Eske viktwa nan nenpòt nan kan yo chita plis sou chwa estratejik ak Konpetans yo itilize lè yap deklanche konfli a?

Yon pati enpotan nan misyon “International Center on Nonviolent Conflict” (nou fè pati de li) avanse yon opinyon ki fè kwè ke nan balans lan, konpetans pi enpòtan ke kondisyon pou detèmine trajektwa ak konsekans konfli yo. An jeneral, pwendevi sa a mennen gwo reyakson ki baze sitou sou entansyon advèsè a pou li itilize vyolans. **“Rezistans Sivil mache sèlman kont ti advèsè wòwòt, ki pa rezante twò gwo menas”**, refren sa a ke yo repepe souvan, sanble pase yon trè sou defèt rejim “apartheid la” nan peyi Sid Afrik, Pinochet (Chili), Marcos (Filipin), rejim kominis (Lapolòy), Mubarak (Ejip). Gen egzanp ki pi resan tankou Ben Ali (Tinizi). Okenn nan rejim sa yo paka deklare ke yo modere, san danje, oubyen ke yo pa gen okenn entansyon itilize represyon malouk.

Ekzant kalitatif sa yo jwenn sipò nan analiz kantitaf yo. Nan lane 2008, òganizasyon “Freedom House” pibliye yon rechèch sou etid ki egzamine plizyè faktè bazik ak enfliyans yo sou Resistans Sivil, nan 64 tranzisyon ki soti nan rejim otoritè ant ane 1975 – 2006.

Men yon extrè nan konklizyon ki pi fyab nan etid la:

Ni faktè politik yo, ni faktè anviwonalmental yo egzamine nan etid sa a pa te genyen yon enpak estatistik serye sou siksè oubyen echèk Mouvman Rezistans Sivil yo. Mouvman sa yo gen plis chans reyisi nan peyi ki pa devlope ak peyi ki ekonomikman pòv, ke nan peyi devlope oubyen sosyete ki plen richès. Etid la pa jwenn non plis okenn evidans ke divizyon etnik oubyen reliye gen yon enpak enpòtan sou posibilité emèjans yon opozisyon sivik solidè. Rejim sa a pa sanble non plis genyen yon infliyans inpotan sou kapasite mouvman sivik yo pou genyen yon laj soutyen.<sup>3</sup>

Sèl faktè egzamine nan etid la ki te gen yon enfliyans estatistikman enpòtan nan emèjans ak rezulta Mouvman Rezistans Sivil yo se gouvènman ki chita sou santralizasyon. Moun ki patisipe nan etid yo ekri sa a:

Etid la fè kwè ke santralizasyon wo nivo koresponn pozitivman ak emèjans yon mouvman sivik djanm, ki gen kapasite pou defye rejim otorité. Revè a sanble vre tou: plis kapasite desantralizasyon yon gouvènman gran, mwens yon mobilizasyon sivik reyisi gen chans emèje.<sup>4</sup>

Antouka, menm si etid la jwenn yon kondisyon anviwonalmental ki enfliyanse trajekta mouvman rezistans sivil yo, angwo, rezulta yo souzestime deklarasyon ki fè konnen ke kondisyon jwe wòl enpòtan nan rezulta konfli yo.

Twa (3) ane apre, nan liv yo a ki te jwenn rekompans nan ane 2011 sou sijè “*Why Civil Resistance Works: The Strategic Logic of Nonviolent Conflict*” save Erica Chenoweth ak Maria Stephan analize an pwofondè 323 kanpay vyolan ak san vyolans kite defye gouvènman ki te sou pouvwa nan ane 1900 ak 2006<sup>5</sup>. Rezulta yo montre ke kanpay san vyolans te reyisi nan 53% ka alòs ke kanpay vyolan yo reyisi nan 26% ka<sup>6</sup>. Yo jwenn tou ke pandan represyon nan leta ak kèk lòt faktè estriktil kapab enfliyanse esperans siksè yon kanpay rezistans sivil (byenke souvan li mwens ke sa moun kwè an jeneral), nan ka yon represyon vyolan bò kote leta, pouvant siksè li se sèlman 35%<sup>7</sup>. Yo pa jwenn okenn kondisyon bazik ki te detèminan nan rezulta mouvman yo. Apre yo fin byen analize done yo, yo konkli ke “vidans montre ke Rezistans Sivil reyisi souvan, kèlkeswa kondisyon anviwonmantal yo ke anpil moun asosye ak echèk kanpay san vyolans yo”<sup>8</sup>.

Rezulta yo revele ke apwòch ki sèvi kòm baz nan pwojeksyon konvansyonèl sou rezistans sivil yo enkòrèk; souvan konpetans ak chwa estratejik yo gen plis enpòtans ke kondisyon nan zafè detèmine rezulta konfli sa yo. An reyalite, sa pa etonan lè nou konsidere ke premye desizyon opozan didaktè yo ki baze sou estrateji, se “kouman moun batay”. Li rezonab pou espere ke si kondisyon ekstèn te pi enpòtan nan detèminasyon rezulta a, chwa estratejik sou fason moun batay pou defye didaktè pa tap gen twòp enpòtans. Epi, anpil fwa, siksè konfli vyolan ak konfli san vyolans, pandan tan ap pase, yap bay menm rezulta.<sup>9</sup>

Men se pa sa done yo revele. Nan ane 1900 – 2006 mouvman pouvwa popilè yo te reyisi de (2) fwa plis, epi etid sou ka resan yo montre ke diferans ant nivo siksè yo pa vrèman chanje. Gen

moun, pou montre ke yo pa dakò ak opinyon sa a, ki ka deklare ke pratikan rezistans sivil yo chwazi batay ki fasil pou genyen, men Chenoweth ak Stephan te pran devan agiman sa a, epi demontre ke.... pifò kanpay san vyolans pran nesans nan rejim otoritè kote menm opozisyon pasifik kont gouvènman an te ka gen de konsekans terib.<sup>10</sup>

Ekonomis Thomas Schelling loreya pri nobèl, te gen rezon nan yon apèsi li te ekri, gen de sa 50 ane, nan liv ki rele “*Civilian Resistance as a National Defense: Nonviolent Against Aggression*”. Men sa li te konkli:

Diktatè ak moun ki sou kontwòl li yo twouve yo nan menm pozisyon. Yo ka refize bay diktatè a pifò nan sa li vle, wi yo kapab - sa vle di - si yo genyen bon jan disiplin pou yo refize kolabore. E li kapab refize yo preske tout sa yo vle- li ka fè sa lè li sèvi avèk fòs li genyen anba lòd li yo. Se yon sitiyasyon machanday kote chak kan, depi li byen òganize, kapab refize pifò nan demand kan advèsè a. Nan ka sa a, se rete tann pou wè ki kan kap pote lavikta.<sup>11</sup>

Daprè Shelling, taktik opozan sivil yo chwazi gen pèt ak pwofi, menm jan ak taktik opozan otoritè yo itilize. Moun ki genyen an, se pèsonaj ki fè meyè distribisyon pèt ak pwofi nan kan pa li a. Yon lidè rezistans sivil ki entelijan panse kreye dezòd nan lide pou li ogmante defeksyon, epi finalman, li deside anplwaye taktik kote dezòd ki ta sanble san enpòtans rale anpil defeksyon. Diktatè ki entelijan an bezwen ranfòse obeyisans, souvan nan itilizasyon vyolans, e li vle, de fason ideyal, itilize mwens vyolans pou li jwenn plis obeyisans. Anpil anpil ka defeksyon vizavi obeyisans detèmine kilès ki gen lavikta.

### **TCHÈKLIS LA (LIS KONTWÒL LA)**

Si konpetans yo ak chwa estratejik yo gen plis enfiliyans sou rezulta Mouvman Rezistans Sivil yo, nou ta dwe kapab idantifye kapasite, konpetans ak chwa atravè yon bann mouvman ki fòme denominatè komen siksè. Nou ka analize anpil aspè nan yon mouvman, men lè nou pase nan ti paswa fen latrìye varyab yo, nou konstate ke gen twa (3) konpetans prinsipal mouvman sivil ki reyisi yo genyen:

1. Kapasite pou rasanble moun
2. Planifikasyon operasyonèl
3. Disiplin san vyolans

Lè kapasite sa yo prezan nan yon mouvman rezistans sivil gen 3 kokennchenn tandans ki manifeste ki gen gwo enpak sou siksè yon mouvman. Tandans sa yo se:

4. Ogmante patisipasyon popilation an nan Rezistans Sivil
5. Diminisyon enpak represyon, epi ogmantasyon reyakson yo.
6. Ogmantasyon defeksyon yo nan mouvman advèsè a.

Twa (3) konpetans sa yo ak twa (3) tandans sa yo ansanm rele “**Tchèklis**”. Nou kwè ke melanj sa a ogmante chans yon mouvman genyen pou li reyisi. Nan sans sa a Tchèklis la pa yon fòmil ki garanti rezulta, men pito yon gid ki la pou ede aktè yo òganize refleksyon yo epi amelyore efikasite yo. Jiske la, yonn nan fonksyon Tchèklis la se diminye degre dezoryantasyon ki aplikab nan yon konfli. Difilikte se yonn nan pi gwo defi tout Mouvman Rezistans Sivil rankontre, Anplis, li difisil, pandan yon konfli ap dewoule, pou distenge ki faktè ki pi enpòtan nan pran desizyon. Nou kenbe ke yon aktivis oubyen yon obsèvatè ekstèn ki vle analize chans yon mouvman genyen si 3 konpetans yo ak 3 tandans yo ki preznan tchèklis la pral sèvi kòm baz solid pou evalye eta aktyèl mouvman an, fòs li, feblès li e chans mouvman genyen pou li reyisi.

Nou devlope Tchèklis la anba :

### **1. Kapasite pou Rasanble Moun**

Otorite yo se patizan moun ki kwè nan divize pou reye. Moun ki anfas yo dwe gen plis konpetans nan kreye inite. Fòme e mentni inite gen plizyè fasèt, men bi final la se devlope yon vizyon pataje enklizif nan yon mouvman rezistans sivil. Pou sa rive fèt, organizatè mouvman yo dwe gen bon jan konesans sou revandikasyon yo, aspirasyon yo, kilti ak valè tout kalte moun ke yo swete mobilize. Se konesans sa a ki fòme baz developman ak komunikasyon an de yon vizyon ki atire anpil sipò e ki ka mobilize anpil moun. Vizyon efikas yo rantre an kontak ak eksperyans e santiman pèsonèl senp sitwayen yo, men tou sou abilité pou ankouraje yon patispasyon kolektif nan rezistans sivil la.

Yon lòt aspè kritik nan bati inite se prezans lidèship ak estrikti òganizasyonèl ki gen lejitimite. Patispasyon nan mouvman yo se bagay ki volontè, nan sans sa a, lidè yo pa gen okenn pouvwa fòmèl ni otorite kontwòl sou yon popilasyon kap mobilize. Sa vle di ke desizyon nan yon mouvman dwe pran epi aplike yon fason pou moun santi ke bagay yo fèt nan lòd. Chak mouvman devlope estrateji pa li. Genyen ki fèl nan respè yon sèten disiplin ki deja etabli, gen lòt ki pi desantralize, genyen tou ki alalong konbine toulede fason pa yo. Kèlkeswa lidèship ak estrikti òganizasyonèl ekzat yo, mouvman yo trè divèrsifye, amonize yo se yon nan wòl inite. Pou chak dirijan nasyonal ki nan yon pòs oubyen lidè karismatik, gen yon bann lidè lokal ki bezwen anpil konesans nan zafè developman kowalisyon, negosye e regroupe enterè komen yo nan diferan gwoup yo. Se kapasite plizyè lidè nan diferan nivo (lokal ou nasyonal) pou travay nan tèt ansanm, ki sòti nan plizyè zòn nan peyi a e ki reprezante diferan gwoup, ki garanti inite alontèm.

Nou ka wè evidans tou de (2) aspè inite sa yo nan rezistans sivil yo te itilize nan mouvman kont “apartheid” nan peyi Sid Afrik nan ane 1980 yo. Plizyè santèn gwoup sivik local yo emèje pandan dekad sa a pou ekzije bezwen minisipal tankou dlo potab, aksè nan sèvis debaz, an menm tan mete tèt yo ansanm sou yon vizyon komen pou mete fen nan rejim “apartheid” ak pou reyalize rekonsilyasyon nasyonal. Gwoup sivil sa yo ki te rasanble sou non “The United Democratic Front” te gen lidè lokal ki efektivman te kapab dirije taktik pou desantralize (bòykòt konsomatè) pou

rezoud pwoblèm lokal an menm tan ke yap kominike, kolabore ak lòt estrikti òganizasyonèl ki pi laj epi ki gen plis eksperyans nan mouvman nasyonal.

## 2. Planifikasyon Operasyonèl

Deklanche rezistans sivil ki efikas pi konplike ke jan moun panse an jeneral. Lè yon pèp ap reflechi sou rezistans sivil, imaj ki vin nan tèt li se pwoteste. Sa a se sèlman yonn nan yon latrìye taktik ki disponib. Mouvman ki pi reyisi yo konprann ki taktik pou yo chwazi, kilè, kibò, kouman, kilès ki pou ekzekite yo, kisa pou yo vize e pamì ki lòt taktik pou yo aplike yo.

Pou reponn kesyon sa yo kòrèkteman fòk genyen yon planifikasyon ki baze sou yon analiz detaye ak sou fòs advèsè yo, feblès, opòtinite ak menas yon mouvman e yon advèsè, epi yon evalyasyon sou anviwonman konfli a, sou pati ki pa gen parenn oswa ki pa pran angajman (manm kominote entènasyonal yo tou, ki taka enfliyanse konfli a). Avèk apwòch sa a mouvman yo ka devlope objektif ki efikas sou kout, mwayen, ak alontèm ak plan operasyonèl ki koresponn ak plan yo. Pandan plan sa yo ap evolye tanzantan nan repons sou evenman sou plas (tout plan gen sa) pwosede planifikasyon ak konsepsyon pa yo rann li pi difisil pou moun kap patisipe nan mouvman yo devlope plan pa yo.

Dayè, se nan planifikasyon operasyonèl ke nou wè pi klè rankont kwazman konpetans yo e kondisyon yo nan yon konfli. Baz planifikasyon operasyonèl la se evalyasyon kondisyon yo - si yo favorab oubyen defavorab – pou yon mouvman. Alè kile, planifikatè mouvman yo pran dispozisyon pou yo eksplwate kondisyon favorab yo, epi metrize, transfòme, oubyen detounen kondisyon advès yo nan itilizasyon konpetans ak chwa estratejik yo.

Mouvman solidè nan peyi Lapolòy nan ane 1980 se yon ekzamp klè planifikasyon operasyonèl. Travayè yo ki te kwè nan fòs yo ak kapasite yo, prezante yon kokennchen plan revandikasyon ki politikman reyèl, ke yo batize “Inyon Travayè Endepandan” (men yo te kanpe sou zafè mande mete fen nan rejim kominis la) ki pat yon demand reyèl nan moman an. Yo konsantre fòs yo nan òganize travay ak solidarite nan mitan plizyè travayè, kont mankman lejitimite ak feblès ekonomik opozan yo; lè fini yo chwazi yon taktik efikas ki se grèv sou fòm anvayi biwo travay yo (angiz mache deyò kote yo tap travay sa kite rann yo vilnerab pou represyon lè yo te eseye taktik sa a nan lane anvan yo). Sitiyasyon sa a te pran fòs nan lefèt ke travayè yo te kwè nan chwa enstitisyon yo – sitou laprès ekri, ak jounal endepandan yo te kreye pandan dis (10) ane anvan yo, nan lide pou facilite komunikasyon yon vil ak yon lòt.

Nan chwa yon estrateji objektif, yon sib apropriye ak taktik apropriye yo (grèv okipasyon ak itilizasyon enstitisyon altènatif) ki te nan nivo kapasite yon mouvman. Mouvman solidarite a naje nan mouvman konfli a depase kondisyon advèsè a, epi pwogrese nan reyalizasyon bi final yo ki te yon eta polonè demokratik, ke yo te finalize nan ane 1989<sup>12</sup>.

### **3. Disiplin San Vvolans**

Mentni yon disiplin san vvolans - ki se kapasite opozan yo pou pa itilize vvolans malgre pwovokasyon –se sèvo dinamik fonksyonèl Rezistans Sivil. Avèk yon disiplin san vvolans, patisipasyon moun nan mouvman yo ogmante, depans pou represyon nan kan opozan an ogmante, posibilite pou represyon an tounen kont moun kap aplike li a, epi tou gen plis chans pou atire defeksyon yo menm kote advèsè a gen plis sipò. Tankou nou ka wè li nan rechèch Chenoweth ak Stephan nan, benefis sa yo kontribiye anpil nan detèminasyon pousantay siksè nan mitan kanpay vvolans ak kanpay rezistans civil<sup>13</sup>.

Reyalizasyon disiplin san vvolans mande ke mouvman yo dwe kwè ke Rezistans Sivil la se yon mwayen efikas pou pouswiv konfli yo. Enfòmasyon yo sou fason Rezistans Sivil la mache ak istwa li kapab itil nan sans sa a, menm jan yon estrateji efikas kapab reyalize gran viktwa alavni epi pwouve ke Rezistans Sivil pote rezulta. Mouvman yo mentni disiplin san vvolans tou pandan yap devlope kilti ak valè ki ranfòse yo. Pa egzanp, mouvman **Otpor** nan peyi Sèbi ki te mete Slobodan Milosevic atè sistematikman fòme nouvo manm li yo pou konprann kouman Rezistans Sivil fonksyone ak rezon ki fè li enpòtan pou rete san vvolans.

Jefò sa yo pa mande yon mouvman pou li vin ak agiman konfòm sou kesyon rete nan lojik san vvolans, men moun yo dwe ranfòse youn nan lòt avantaj pratik disiplin san vvolans lan, pandan nap raple nou anpil ka (Siri kòm egzanp ki pi resan e trajik tou) kote enpasyan oubyen mank konfyans nan Rezistans Sivil ki reyisi, yon estrateji ki pa gen twò lontan, te kapote nan taktik vyolan avèk konsekans grav sa te ka trennen.

### **4. Ogmante Patisipasyon civil yo nan Rezistans Sivil**

Kantite moun ki patisipe nan resistans civil se youn nan pi gran indikatè reyisit nan yon mouvman<sup>14</sup>. Sa fè sans paske plis gen moun ki trayi ak dezobeyi yon otorite, plis lap febli epi depanse plis pou eseye kenbe kontwòl la. Anplis, nou kwè tou ogmantasyon patisipasyon civil mennen plis chans pou represyon an tounen kont li menm ankò. Dayè, kantite prèv yo montre yon pi gran patisipasyon civil ap ogmante posibilite defeksyon yo pami patizan advèsè yo.<sup>15</sup>

Pou ilistre inpòtans patisipasyon civil nan yon nivo elve, revolisyon yo nan ane 2011 nan peyi Ejjip ak Tinizi te bay anpil sipò pami plizyè gwoup demografik – gason ak fanm, gwoup relijye ak sekilye, jèn, andezaj ak gramoun, travayè nan pèp ak nan klas mwayèn, moun lavil ak moun andeyò. An opoze, ni mouvman etidyan nan peyi Lachin (1989), ni Revolisyon Vèt (2009), yo tou de (2) te mobilize plizyè milyon moun e yo te pale de yo nan tout gwo jounal, men youn nan yo pat rive reyalize objektif yo te fikse a, paske yo te devlope pou entegre yon patisipasyon sivik elaji depase baz demografik inisyal yo.

Jwenn yon nivo elve patisipasyon moun yo nan rezistans sivil la se yon konsekans nan 3 premye pwen yo nan lis contrôl la (Tchèklis). Yon vizyon komen ede ranfòse solidarite e favorize mobilizasyon an. Planifikasyon operasyonèl la ankouraje konfyans epi pwopoze yon latriye taktik pou moun yo antann yo ak tout kalte risk tolerans patisipan yo, tan ki disponib, ak kapasite sakrifis yo ka fè pou mouvman an. Yon estrateji efikas facilite pòv yo, rich yo, jèn yo ansyen yo e ak tout moun ki trouve yo nan mitan de (2) posibilité pou fè yon bagay, piti oubyen gran, pou sipòte mouvman an. Disiplin san vyolans asire li ke tout moun kapab patisipe (kontrèman ak gason selman ki ka patisipe nan yon rezistans ame).... Epi tou, mouvman san vyolans yo gen plis chans atire moun ki soti nan tout sektè nan sosyete a.

## 5. Diminisyon Enpak Represyon, ak Ogmantasyon Reyakson

Youn nan pi gwo zouti yon diktatè se kapasite li genyen pou fè represyon, e mouvman efikas yo aprann kouman pou yo redwi enpak represyon an menm tan ke yap ogmante depans yo. Yo fè sa gras a yon evalyasyon presi ak yon chwa taktik paske se pa tout taktik ki gen menm ris represyon. Alòske aksyon santralize yo tankou manifestasyon populè yo vin gen plis ris pou reprime, taktik desantralize yo tankou bòykòt konsomatè, grèv chita lakay, pran pòz malad pou pa al lékòl, oubyen ekspozisyon ti senbòl sou plas biblik san moun pa wè, prezante plis defi pou yon rejim ki vle fè represyon. Se konsa sa ye paske moun ki patisipe nan kèk taktik yo (sa vle di bòykòt konsomatè yo) natirèlman ou paka jis gade yon moun pou deklare si wi oubyen non lap bòykote yon pwodwi, oubyen paske moun kap patisipe nan bòykòt yo gaye epi yo ka demanti (pa egzanp, yon grèv chita lakay mande pou lapolis ta vizite chak travayè ak tout lòt moun ki swadizan malad yo pou deklare ke yon jou yo te malad vrèman).

Nan peyi Chili (1983), opozan politik yo kite kont dictatè Augusto Pinochet dwe jwenn yon fason pou dejwe represyon li an. Dis (10) ane arrestasyon an mas, anpil ekzekisyon, matirize yo ak anpil disparisyon fè ke popilasyon an te gen anpil lapèrèz pou yo te òganize yo oubyen mobilize ansanm. Nan mwa avril, travayè nan min kwiv yo deklanche yon grèv andeyò vil Santiago, men Pinochet te menase pou li fè yon masak lè li voye militè li yo antoure min yo anvan menm lè grèv la te sipoze kòmanse. Devan yon represyon konsa a sendika travayè yo te anile grèv la epi lanse de preferans yon jounen grèv nasyonal, kote tout moun kap pwoteste kont rejim nan te dwe travay dousman, mache dousman, kondwi dousman, epi kou li fè 8h.00 nan aswè, bat kaswòl yo<sup>16</sup>. Patisipasyon pep la nan aksyon sa yo te san parèy e yo te jeneral sa kite debouche sou apèl pou gen menm pwotestasyon an chak mwa. Se te premye gran pa nan kraze klima lapèrèz ak dispèsyon ki te poto mitan gouvènman Pinochet a. Aksyon sa yo te gen yon nivo ris akseptab pou patisipan yo epi yo te ekate represyon – fòs sekirite Pinochet yo pat gen repons pou kalte taktik lajman desantralize sa yo.

Gen lòt mwayen pou diminye enpak represyon, oubyen ogmante depans li, ak posibilité reyakson tankou ekzijans ki pa gen rapò ak politik (manifestan yo mande dlo potab ak sekerite nan zòn ke yap viv, yon fason pou montre ke yo pa dakò ak rejim nan), elabore de kondisyon klè pou asire

siksesyon lidèchip la, epi etabli yon distans sosyal ant patisipan nan mouvman yo ak gwoup nasyonal kòm entènasyonal, yon fason pou represyon kont mouvman an gen plis posibilité reyakson. Pa egzanp, lè nan ane 2010, fòs sekirite te rale blogè ejipsyen ki rele Khaled Said nan yon sibèkafe, touye li anba baton pou tèt li tap denonse koripsyon, opozan gwoup facebook “Nou Tout se Khaled Said” te defye tantativ gouvènman ejipsyen an pou detwi lavi Said. Prezans yo te montre aklè ke Said se te yon sitwayen òdinè tankou tout ejipsyen. Aksyon sa a te lakòz represyon an febli.

## 6. Ogmantasyon Defeksyon nan Kan Advèsè yon Mouvman

Kòm rezistans civil la ap pwogrese sou tan, li souvan infliyanse chanjman lwayote ak defèksyon nan mitan sipòtè advèsè a kay sa ki aktif ak sa ki pa aktif yo. Pa ekzanp, refòmatè yo ak opozan bout di nan gouvènman an kapab koumanse goumen youn ak lòt pou kontwòl, anba je tout moun, pou yo gen kontwòl. Enterè ekonomik kapab mete presyon sou leta pou li satisfè demand mouvman an nan yon fason ki ka fasilité sektè biznis lan rekòmanse fonksyone. Fonksyonè rejim lan tankou sòlda yo, lapolis, biwokrasi elatriye ka tanmen chanje kan, petèt paske yo pouse yo kwè nan revankikasyon mouvman an, oubyen yo vin gen degoutans rejim nan oubyen tou paske yo gen fanmi yo ak zanmi yo ki ap patisipe nan rezistans civil la. Menm moun nan lelit la ki senpatize ak rejim nan ka koumanse doute de kapasite li pou li reziste, epi chwazi rete nèt, yon fason pou yo pa jwenn yo akote listwa sizoka rezistans civil la ta gen siksè.

Nan “Orange Revolution”<sup>1</sup> peyi Ikrèn nan ane 2004, opozan yo te vle chache etabli komunikasyon ak fòs sekirite yo, avèk sipò ansyen sòlda militè yo kòm entèmedyè.<sup>17</sup> Ak tan kap pase opozisyon an, nan aksyon li yo te pwouve ke yo pa vyolan, e yo rezonab; yo mande fòs sekirite yo pou yo bay sèvis epi pwoteje byen publik; yo elimine baryè sosyal nan fratènité, slogan yo ak aksyon yo (tankou ofri polisyè ki nan manifestasyon yo yon woz); yo te dekouvrir koripsyon ki ekziste nan rejim anplas la, finalman yo fè yon jan pou kreye mefyans nan mitan fòs sekirite yo. Lè sòlda ak polisyè ikrenyen yo te rive nan degré kote pou yo ta oblige angaje nan represyon, anpil nan yo te senpleman rete san pozisyon. Menm bagay la te rive nan peyi Sèbi sou rejim Milosevic. Fòs sekirite yo pat fè defeksyon, men yo te senpleman chwazi pou yo kanpe sou zafè ekzekite lòd rejim nan tèt bese. Lè mouvman OTPOR 5 oktòb la te mangonmen nan peyi Bèlgrad, ofisyè polis ki te responsab pou vole nan elikoptè pou jete pwodwi chimik sou foul la pou dispèse li te refize fè djòb la, sou pretèks ke li pat ka wè foul la byen akòz tan an pat klè, epoutan solèy la te byen klere. Apre, li te fè konnen ke li pat santi li te kab ekzekite lòd yo paske jou sa a, li panse ke te gen manm fanmi li ak zanmi li nan mitan manifestan yo.<sup>18</sup>

Menm si se volonté oubyen enterè pèsonèl ki te motive yo, souvan defeksyon sa yo se rezulta pwosede alontèm mouvman rezistans civil la te pwovoke. Tankou (2) de tandans anvan yo nan tchèklis la, tandans sa a sòti nan menm moul ak mouvman ki chita sou inite, planifikasyon ak disiplin san vyolans. Chif yo montre yon wo nivo patisipasyon ke tout moun koresponn ak yon ris

elve defeksyon, ak inite, planifikasyon e disiplin san vyolans kotize nan yon patisipasyon jeneral e varye. Sitou, disiplin san vyolans lan inpòtan pou inflyanse defeksyon yo. Toutotan mouvman rete san vyolans e demake tan pou pase nan yon enzireksyon vyolan (tankou se te ka trajik nan peyi Sèbi nan ane 2011) li ka kenbe lit la pi lontan, an menm tan ke lap facilite posibilité defeksyon. Si yon leve kanpe vyolan pa reyèlman menase kantite ka defeksyon yo sible nan yon rejim, potansyèl defeksyon an toujou rete yon pwoblèm pèmanan pou koyezyon nan estrikti pouvwa nenpòt rejim otoritè.

## ENPLIKASYON POU AKTÈ KI DEYÒ YO

Tchèklis sa a pa jis yon gid itil pou opozan yo sèlman. Li ka jwe wòl referans pou lòt antite ki vle amelyore pèfòmans yo nan tout aksyon ki gen awè ak konfli sa yo. Pa ekzanp, si jounalis yo vle fè yon rale byen detaye sou yon konfli, tchèklis la ka demonstre, nan kòmansman ane 2014, nan peyi Kiev, lefèt ke yo te plase yon repòtè anfas yon kòktèl mòlòtòv ki limen, swadizan pou li pi byen suiv si vyolans la ta pral anpire, pat tèlman motive fòs ki tap dirige konfli a. Men, nan yon mouvman, envestigasyon sou òganizasyon inite ak planifikasyon, sou sa ki ka lakòz echèk disiplin san vyolans, ogmantasyon patisipasyon sosyete civil la, diminisyón enpak represyon, si wi oubyen non fòs sekirite yo obeyi lòd yo nan yon nivo elve, san konte chans defeksyon, se tout detay sayo ki ka garanti bon jan analiz san fòs kote. Si kounye a nou ajoute sa ki rele konprann sa pèdi sipò sektè komèsyal la vle di, li klè wi, rezon ki kraze pouvwa prezidan ikrenyen an, Yamikovich, le 21 fevriye menm ane a, sèlman de twa zèd tan apre reyakson vyolan ki pi fewòs ke rejim nan te deklanche. Jan devlopman sa yo garanti pi bon prediksyon pou moun ki chèche idantifye vrè endikatè yo anvan yo aji.

Nan dezyèm mwatye ane 2011 lan, si moun kap pran desizyon yo te konsidere tchèklis la, li te ka endike yo meyè opòtinite pou yo te pote viktwa kont rejim Assad la nan peyi Siri. Yo tap wè pèsistans trayizon kont rejim nan pami militè yo kòm meyè mwayen pou yo gen viktwa. Lefèt ke sektè komèsyal la te sispann sipòtè rejim nan te dwe yon lòt endikatè. Nan sans sa a, ankourajman pou yon Lame Siryen Lib nan kòmansman ane 2012, pou konbat relika militè Alawite Assad yo te dwe pase kòm barikad, pou nou pa di blokay davans yon trajedi.

Tchèklis la te kab itil yon fason espesyal nan devlope mwayen pou kontwole asistans ekstèn nan mouvan pouvwa pèp endijèn yo. Pa ekzanp, twa (3) premye kapasite nan tchèklis la baze sou konpetans; bon jan echanj enfòmasyon ka bayo jarèt. Daprè atik 19 Deklarasyon Inivèsèl Dwa Delòm, dikitatè yo paka mete restriksyon sou enfòmasyon ki sòti nan lòt peyi ni pran sanksyon kont moun kap releye enfòmasyon bay disidan. Tout sis (6) atik nan tchèklis la ka reveye lide pou reflechi sou kreyasyon inovasyon teknologik ki ka facilite pratik twa (3) kapasite ak twa (3) tandans yo.

## TCHÈKLIS LA AK KONFLI KI KA ENFLIYANSE AVNI NOU

Anviwonman kote moun ap mennen batay san vyolans difisil, ak moun rezistans sivil yo, mande yon amonizasyon nan kominote nan sous la pou yon bann taktik pou debouche sou yon estrateji pou pote laviktwa. Yo natirèlman pè pran move desizyon alòs ke vi ak libète moun an danje, sa ki kapab fasilité pasivite diktatè a ap chèche a, epi tou kore ilizyon ki fè konnen ke diktatè a entouchab.

Tchèklis la ka ede disidan yo diminye santiman dezoryantasyon an anpi pouse pou pi devan. Genyen ki ka fè konnen ke avèk tout varyab sa yo sou tab la, yon tchèklis pou mete fen nan tirani twò piti eke pidevan evalyasyon priz desizyon kritik nan konfli ka vin mande anpil anpil atansyon sou faktè eksepsyònèl ki gen awè ak moman tankou ak dat yo rive yo.

Sepandan, tchèklis la pa mande pou inyore faktè espesifik yon sitiyasyon, men pito pou konpreyansyon faktè sa yo nan kontèks yon estrateji ki revele kouman ak pouki mouvan rezistans sivil ka reyisi. Atul Gawande ki te fè rechèch sou enpòtans tchèklis nan yon bann lòt kontèks ekri ke:

Tchèklis la sanble ka defann nenpòt ki moun, menm moun ki gen bon jan eksperyans kont fyasko nan anpil aksyon ki poze. Yo reprezante yon espès ki gen anpil konesans, yo kapte defisyans mantal - ke tout moun ka eksperimante – ti pèt memwa, atansyon ak tandans bliye detay...<sup>19</sup>

Nan kondisyon ki trè konplike – kote konesans mande pou yon moun depase kapasite li, kote nenpòt bagay ka rive bridsoukou... (yon tchèklis efikas) asire li ke ti bagay estipidman kritik sa yo pat neglige, ke moun kominike ak koòdone antre yo...yon fason pou yo jere nyans ak sitiyasyon yo pat atann meyè fason ke yo kapab.<sup>20</sup>

Tchèklis la ka pa meyè endikatè de sak ki pi enpòtan : tiran an oubyen gwooup rezistans sivil la. Sepandan, tchèklis la ka sèvi kòm yon seri endikatè kritik pèmanan pou ede moun konprann ke mouvman rezistans pèp kap reklame libète kapab anpeche etablisman sistèm otoritè yo.

## Endnotes

---

<sup>1</sup> Baze sou analiz 67 tranzisyon demokratik ant 1972 – 2005 nan etid sou rechèch Erica Chenoweth and Maria Stephan, ki idantifye 105 kanpay rezistans sivil pou chanjman gouvenman nan yon seri peyi ak teritwa atravè lemond ant 1900 – 2006

Chenoweth, Erica, and Maria Stephan. 2011. *Why Civil Resistance Works: The Strategic Logic of Nonviolent Conflict*. New York: Columbia University Press. p. 6

NAVCO 1.1 data available at:

[http://www.du.edu/korbel/sie/research/chenow\\_navco\\_data.html](http://www.du.edu/korbel/sie/research/chenow_navco_data.html)

<sup>2</sup> Baze sou analiz 67 tranzisyon demokratik ant 1972---2005 nan rechèch sou etid: *How Freedom is Won: From Civic Resistance to Durable Democracy*. O tè yo jwenn ke:

“Fòs rezistans sivil te yon faktè kle nan reyalizasyon 50 sou 67 tranzisyon, plis ken nan 70% peyi kote tranzisyon te pran nesans pandan sistèm diktatoryal te kraze epi/oubyen pandan nouvo estil gouvenman te emèje apati de dezintegrasyon anpil eta miltinasyonal yo. Nan 50 peyi kote rezistans te yon estrateji kle (e.i.) oubyen peyi kote fòs sivil la trennen tranzisyon oubyen kote te gen de tranzisyon miks kite gen enpak siyifikatif sou ni fòs sivil yo, ni moun ki gen pouvwa yo; okenn nan peyi sa yo pat lib, 25 te lib anpati, 25 pat lib ditou. Jounen Jodi a, (2005), anpil ane apre tranzisyon, 32 nan peyi sayo lib, 14 lib anpati, 4 sèlman pa lib ditou.

Ackerman, Peter, and Adrian Karatnycky. 2005. *How Freedom is Won: From Civic Resistance to Durable Democracy*. Washington, DC: Freedom House. Pp. 6---7

<sup>3</sup> Marchant, Eleanor, Adrian Karatnycky, Arch Puddington, and Christopher Walter. 2008. Enabling Environments for Civic Movements and the Dynamics of Democratic Transition. Freedom House special report. July 18. p. 1

<sup>4</sup> *Ibid.* p. 1

<sup>5</sup> Chenoweth, Erica, and Maria Stephan. 2011. *Why Civil Resistance Works: The Strategic Logic of Nonviolent Conflict*. New York: Columbia University Press. p. 6

<sup>6</sup> *Ibid.* p. 9

<sup>7</sup> *Ibid.* p. 68

<sup>8</sup> *Ibid.* p. 62

<sup>9</sup> Chenoweth, Erica. 2014 Trends in Civil Resistance and Authoritarian Responses. The

Atlantic Council Future of Authoritarianism Project. April 15.

<sup>10</sup> Chenoweth, Erica, and Maria Stephan. 2011. *Why Civil Resistance Works: The Strategic Logic of Nonviolent Conflict*. New York: Columbia University Press. p. 66

<sup>11</sup> Thomas C. Schelling. 1968. "Some Questions on Civilian Defence," in Adam Roberts, ed., *Civilian Resistance as a National Defence: Non---violent Action Against Aggression*. Harrisburg, PA: Stackpole Books. p. 304.

<sup>12</sup> Ackerman, Peter and Jack DuVall. 2000. *A Force More Powerful: A Century of Nonviolent Conflict*. London: St. Martin's Press/Palgrave Macmillan. pp. 113---174

<sup>13</sup> Chenoweth, Erica, and Maria Stephan. 2011. *Why Civil Resistance Works: The Strategic Logic of Nonviolent Conflict*. New York: Columbia University Press. Pp. 30---61

<sup>14</sup> *Ibid.* pp. 30---61

<sup>15</sup> *Ibid.* pp. 46---49

<sup>16</sup> *A Force More Powerful*. Dir. Steve York. York Zimmerman. 2000. Film.

<sup>17</sup> Binnendijk, Anika Locke, and Ivan Marovic. 2006. Power and Persuasion: Nonviolent Strategies to Influence State Security Forces in Serbia (2000) and Ukraine (2004). *Communist and Post---Communist Studies* 39, no. 3 (September). pp. 411---429.

<sup>18</sup> Interview with Nebojsa Covic, *Vecernje Novosti*, Oct. 2, 2010.

<sup>19</sup> Gawande, Atul. 2009. *The Checklist Manifesto: How to Get Things Right*. New York: Picador. p. 47

<sup>20</sup> *Ibid.* p. 79